*МКОУ «Кутишинская СОШ»*

# *Доклад*

## *на тему:*

# ***«Басриябги ц1уне, ц1иябги лъай».***

***Провела: Алиева Н.С.***

2017 г.

Тема: Басриябги ц1уне, ц1иябги лъай…

Фольклор.

Бат1и –бат1ияб куцалъ загьир гьабун буго умумуз жидерго пикру:

Куч1дуздалъунги , харбаздалъунги ,кицабаздалъунги ,халкъияб к1алзул гьунаралдалъунги.

Гьезул кумекалдалъун г1адатаб гуреб дарс т1обит1изе ва г1адатаб анализ гьабизе бигьалъула муг1алимасе , жеги ц1алдохъабазул ц1алул бажари борхизабизе къуватгицин ц1ик1к1уна.

Гьезда гьоркьоб хасаб бак1 ккола сатириял асараз ,гьеб нилъеда дарсазул х1албихьияздаги загьирлъула.Гьел асараздалъун къват1ир ч1вазаризе бегьула инсанасул хасиятал , масала, к1вах1аллъи , жавабчилъи гьеч1олъи , г1айибал ,х1инкъи ,х1алихьалъи ва гьеб гуреб цогидабги .

Халкъалъ г1уц1арал художествиял асаразда к1алзул гьунаралъул яги фольклорилан абула .

Фольклор буго ингилис мац1алдаса бач1араб раг1и .Фольклоралъул автор нилъеда лъала халкъ кколеблъи .Гьелъ к1удияб кумек гьабула халкъалъул тарих , пикраби , анищал ,г1умру лъазе .Фольклоралъ нилъ рух1ияб рахъалъ бечед гьарула ,гьайбатаб малъула , сурукъаб тезе ругьун гьарула .Гьениб бицун батула Ват1аналдехун бугеб рокьиялъул , чияр ракьал рахъулел хъамалчаг1азул , гьезде данде бугеб къеркьеялъул ва миллатазда гьоркьоб бугеб ва бук1ине кколеб гьудуллъиялъул , гьединлъидалин ,халкъияб к1алзул гьунаралдаса пайда босулеб шаг1ирзабаз ва хъвадарухъабаз .

Халкъияб к1алзул гьунар байбихьана октябралъул революция бергьун хадуб.Гьел рахъизе байбихьана 1846 соналъ Грузиялда « Кавказ» абулеб газеталда.

1846 соналъ немцазул г1алимчи Шифнрица къват1ибе биччана « Авар мац1 лъазабиялъул гьит1инабго х1албихьи». Гьелда рук1ана биценк1аби ,кицаби , маг1аби .

Фольклоралъул тайпаби жакъа къоялъ нилъеца дарсида х1алт1изаруни, лъималазул куч1дул ,г1адатазул куч1дул, рокьул куч1дул ,кьалул куч1дул ва гьединго маргьаби ,кицаби ва абиял,биценк1аби х1алт1изаруни ,нилъер лъимал гьаваялде рахине руго лъаялъул рахъалъ.

Нилъеда т1адаб буго дарсазда ва рук1а –рахъиналъулъ басриябги ц1унизе ,ц1иябги лъазабизе бач1унеб г1елалда. Гьединаб лъадариялъул хасияталда рехсон рук1ун ратула нилъер Ц1адаса, Х1амзатица дол г1акъилал раг1аби сатираялъулъ «Г1арац бугонани, маг1арда ах гьаби ,х1акъаб бугилан..»

Дунги гьесул раг1абазда разияй йиго ва къадруяй йиго ,гьелъул х1асилалда х1алт1анани, муг1алимзаби басриял г1адаталги ц1унун, церерахъинал г1емерлъизаруни ,школалда нилъер х1алт1и рохьг1ан ризлъила ва лъималазул рокьи гъварилъила авар мац1алдехун ва адабияталдехун .Фольклоралъул цо бут1а бижараб буго лъималазда гьоркьоб гьезул расандабазулъ.Г1уц1иялъул берцинлъиялде балагьун басриял темабазул бечелъиги х1исабалде босун, фольклор бикьула вас ва яс гьаридал ах1улел,кинидахъ ах1улел, расандилаго рик1к1унел,маргьаби,кицаби,бицанк1аби…

Васазе . Нодо хъах1аб ца ч1ваяв

Ца г1ебаб хъабан ч1ваяв

Хъах1илаб ралъадалда

Баг1араб ц1а бакаяв…(маг1арулав вук1ине кколаан бах1арчияв,къвак1арав,захлмат бокьулев…)

Ясазе. Берцинал рахъиналде

Къолое хур лъилъулей

Баг1арбакъ баккилалде

Ч1арал магь ц1ун яч1уней…

Ракьалда бак1лъулеб

Х1ет1еги ч1еч1ей

Зобалда раг1улеб

Гьаракь гьабич1ей…(эбел –инсул анищ бук1ана ва буго яс г1одое йиччарай,намус бац1ц1адай ,г1адамаз къадру-къимат гьабулей лъугьуней йик1ин,захлмат бокьулей ва х1алт1и бажарулей лъугьин…)

Гьединго къват1иб ч1вазабулаан захлмалъи бокьунгут1и ва к1вах1аллъи.

…Огь,берцинай,берцинай

Бецич1ого ссан тарай,

Огь,ч1ух1арай,ч1ух1арай

Ч1арач1ого хур тарай…

Доб заманалда расандулаго рик1к1унел куч1дул рик1к1унаан калам цебет1езабиялъе ва раг1абазул къадар ц1ик1к1иналъе.

… Милъиршо,милъиршо

Щобда базе къвач1а кье

Къвалакь базе таргьа кье

Рохьоб босе г1ащт1и кье

Ч1алда базе жини кье…

Жакъа къоялъ басрияб ц1унизе щай гурин,ц1ияб лъазеги гьукъулеб буго эбел-инсуца,гьединлъидал муг1алимасда цебе лъун буго зах1матаб масъала.

К1удиял г1ола г1исинал лъимал,тарбия кьезе гьел нилъер кверщаликь щола.Гьелда рекъон хисула коч1ол маг1наги пикруги гьелдаго цадахъ х1алт1иги.

Рокьул куч1дул ва бак1иде рахъиналъул куч1дул х1алт1изарулаан гвай балаго,оц балаго.

Вас. Бералги берцинай,кьурул милъиршо

Кьибил рекъеладай мун дие кьезе

Кьунсрулги ч1ег1ераб,зобалъул т1авус

Тухум разилъаги мунгун цолъизе…

Яс. Алжанул хат1 хъвараб,хъурайсин т1агъур,

Т1ок1лъун вихьула мун,васазда гьоркьов…

Яги рокьукълъи бихьизабулел

Г1уруца бач1араб,зазил х1анк1вара

Х1ажат гьеч1оан мун гьанив вихьизе...

…Баг1арг1ечул гъут1би гъенолелги тун,

Зазил г1инт1и квине,дун г1абдал гуро…

Бак1иде рахъин.

Ма,духъего т1илги,т1инай г1олилай

Т1агърикь берал чалух,ваче бак1иде.

Ма,духъего т1илги,т1инав г1олилав,

Т1авусил рас бугей ясалда кьабе…

Басрияб хазиналъун хьихьун,ц1иябги г1урда т1егь г1адин,жакъа нилъеца –муг1алимзабаз цебе билълъинабуни,нилъее лъай борхизабизе бигьалъула,цоцада т1амич1ого,рач1а нилъеца,гъваридаб х1алт1и т1обит1изин жиб-жиб классазда жив-жив муг1алимас.

Гьелъул х1асилалда нилъер лъималазул г1акълу ц1убала ва рух1ияб культура борхизе буго.

Г1акъил-Ц1адаса Х1амзат нилъгун гьеч1о,амма асаралги гьезул маг1наги щивасул рек1елъ руго

…Зодиб нак1к1 бицалъани,

Бец1лъула т1олго дунял

Нилъер г1елму камиллъани,

Кибго бец1лъи т1аг1уна…

Нилъеца,басриябги ц1унун,ц1иябги лъазабизе х1аракатги бахъун,дарсазда лъималазул калам ва лъай борхизабила т1адег1анаб даражаялда,гьезул лъай релълъинабила зирхун роц1араб бакъул къоялда.

Х1аял,бах1сал,цererахъинал,бак1иде рахъинал дарсазда т1орит1изе тавпикъ кьеги нужее,хириял муг1алимзаби,т1адег1анаб даражаялда х1алт1изе!